

## Konje peye pou rezon fanmilyal ak medikal (PFML) nan Massachusetts

Massachusetts ofri travayè ki kalifye yo peye konje pwoteje travay nan sèten sitiyasyon.

### Elijiblite

**Ou dwe ap travay Massachusetts. Sa gen ladan travay pou kominote a ak ajans li yo ak moun kap travay nan Massachusetts pou anplwayè andeyò Leta.** anplwaye federal yo pa ladan.

Anplwayè minisipal yo ka rantre, men pifò pa fè sa. **Si w se yon travayè endepandan, ou ka enskri**, epi kalifye pou jwen avantaj yo touswit siw peye kotizasyon ou yo pou 2 trimès avan yo (ou dwe rete nan pwogram nan pandan 3 zan apre w fin antre).

Aprann plis sou ki kalite travay ki **pa** kouvri: [mass.gov/info-details/your-eligibility-for-paid-family-and-medical-leave-pfml](https://www.mass.gov/info-details/your-eligibility-for-paid-family-and-medical-leave-pfml)

Ou dwe ap touche pou pi piti

- \$6,300 nan 4 dènye trimès pase yo ki fini (pou 2024) **epi**
- Omwen 30 fwa plis pase kantite lajan ou ka elijib pou resevwa chak semèn nan men ou atravè benefis konje maladi fanmi ou peye. Gade kalkil avantaj yo nan [calculator.digital.mass.gov/pfml/yourbenefits/](https://calculator.digital.mass.gov/pfml/yourbenefits/).

### Diferan kalite konje

- Jiska 20 semèn konje peye pou **kondisyon sante grav yon anplwaye**
- Jiska 12 semèn konje peye pou **nesans, adopsyon oswa swen adoptif** yon timoun
- Jiska 26 semèn konje peye pou **pran swen yon manm fanmi militè** ki gen pwoblèm sante grav
- Jiska 12 semèn konje peye pou **pran swen yon manm fanmi** ki gen pwoblèm sante grav
  - **Manm Fanmi** pou objektif sa gen ladan Mari oswa madanm ou, patnè domestik, yon moun ki te kanpe nan plas paran lè ou te minè, yon pititpitit, granparan oswa frè ak sè.

### Kisa ki yon pwoblèm sante grav?

Yon pwoblèm sante grav se yon pwoblèm fizik oswa mantal ki anpeche w fè travay ou **pandan plis pase 3 jou kalandriye konsekitif konplè epi ki mande tretman ki swiv sèten règ.** Plis enfòmasyon: [mass.gov/info-details/paid-family-and-medical-leave-pfml-benefits-guide#what-is-a-serious-health-condition?](https://www.mass.gov/info-details/paid-family-and-medical-leave-pfml-benefits-guide#what-is-a-serious-health-condition?)

Ou dwe bay sètifika founisè swen sante w la lè l itilize fòm **sètifikasyon maladi kritik la**: [mass.gov/doc/certification-of-your-serious-health-condition-form/download](https://www.mass.gov/doc/certification-of-your-serious-health-condition-form/download)

### Sèvis yo

Prestasyon FPML ou yo pral baze sou yon kalkil ki pran an kont Salè mwayèn pa semèn ou ak salè maywèn chak semèn nan Massachusetts. Montan **maximum** Prestasyon PFML pou ane prestasyon 2024 la se \$1,149.90—Paw la ka mwens. Gade kalkil prestasyon yo pou yon

estimasyon: [calculator.digital.mass.gov/pfml/yourbenefits](https://calculator.digital.mass.gov/pfml/yourbenefits)

**Prestasyon sèvis yo dwe respekte yon delè datant 7 jou.** OU pap resevwa okenn prestasyon pandan peryòd datant sa a. Yo pral pran an konsiderasyon sèt jou sa yo nan total konje ki disponib pou ane a.

### **Pou Aplike**

**Dabò ou dwe fè patwon w konnen si w bezwen pran konje. Si se yon konje planifye, avèk avi omwen 30 jou.**

**Aprè sa mande PFML nan [paidleave.mass.gov](https://paidleave.mass.gov)**

Si w ap aplike pou prestasyon konje peye pou fanmi ki gen rapò ak militè, oswa siw ap aplike pou prestasyon konje peye pou fanmi oswa medikal epi w ap travay poukont ou oswa ou pap travay kounye a, tanpri rele **sant Kontak Depatman an nan 833-344-7365 pou soumèt demann ou an.**

### **Patwon w ak PFML**

Patwon ou fè pati de pwosesis apwobasyon an. Anplwayè ou yo ka rejte aplikasyon w lan sèlman si yo kwè:

- Ou te deja itilize maksimòm konje ou pou ane a
- Aplikasyon w lan manke kèk aspè, manke kòrèk oswa gen fwod

Anplwayè w la pa ka rejte demann konje w la pou rezon bidjè oswa pou rezon orè.

### **Delè aplikasyon an**

Aprè w fin soumèt aplikasyon konplè w la, atann pou tretman an pran omwen 35 jou.

### **Konsèy enpòtan**

- **Ansyen anplwaye yo** ka elijib si ou pap travay depi 26 semèn oswa mwens (rele sant kontak la nan 833-344-7365)
- Selon sitiyasyon an, yon **fiti paran yo** ka elijib pou konje maladi pandan oswa apre gwosès la. Lè w pare pou vire nan konje parantal, ou ka rele sant kontak la nan 833-344-7365 Ou pa **bezwen** soumèt yon dezyèm demann. Nan ka sa, yo pral anile dezyèm peryòd datant 7 jou a.

**Pou plis enfòmasyon** gade sit entènèt PFML la: [mass.gov/paid-family-and-medical-leave-benefits](https://mass.gov/paid-family-and-medical-leave-benefits)